







# Yon Gid Ilistre Pou Agwoforestri yon gid kout ak senp

COPYRIGHT 2019 LOTUFO & TREVELIN

TOUT DWA REZÈVE.

LIV ELEKTRONIK MANIYÈL SA YO KA DISTRIBYE GRATIS POU

OBJEKTIF EDIKASYONÈL SOU SIT ENTÈNÈT SA A

**AGROFLORESTAEMQUADRINHOS.WORDPRESS.COM**

Òganizasyon

**João Paulo Becker Lotufo Junior**

BORAPERMACULTURAR@GMAIL.COM

BORAPERMACULTURAR.WORDPRESS.COM

Desen

**César Claro Trevelin**

CESARTREVELIN@YAHOO.COM.BR

CESARTREVELIN.COM.BR

Tradiksyon

**Sidney-Max Etienne**

**Paula Hyppolite**

**of Grown in Haiti**

Patnè



BONJOU!

NAN PAJ KI SWIV YO, NOU PRAL PREZANTE W AGWOFORRESTRI. ENTANSYON NOU AK MANYÈL SA A, NAN FÒM YON LIV KOMIK, SE ANSEYE AK KREYE AK KÈ KONTAN. AVÈK DEVIZ "POU CHAK DESEN YON GRENN" NOU PREZANTE NAN YON FASON SENP AK OBJEKTIF PREMYE ETAP YO POU YON FASON POU KILTIVE MANJE PANDAN NAN MENM TAN NOU PRAN SWEN ANVIWÒNMAN AN.

ANPIL MOUN TE EDE AK ENSPIRE NOU PANDAN VWAYAJ NOU POU KREYE MANYÈL SA A. POU OU MENM KI TE PATISIPE NAN LI, NOU KITE GRATITID AK ADMIRASYON NOU. AN PATIKILYE FABIANA, KI TE BAN NOU YON SIPÒ SIPER SOU KÈK PWOBLÈM TEKNIK YO. YON GWO MÈSI TOU POU REFERANS NOU YO KI PI ENPÒTAN YO:

MÈT ERNST GÖSTCH: NOU ONORE OU. MÈSI PASKE W TE DEDYE LAVI W NAN AGWOFORRESTRI EPI W TE DEVLOPE YON METÒD SIKSESYON KI STRATIFYE. NOU ESEYE EKSPLIKE LI NAN YON FASON KI SENP. SAN DOUT, LAVI OU AK TRAVAY OU SE YON GWO ENFLIYANS POU NOU.

AK POU CHÈ NOU PETER WEBB, KI FASON POU PRAN SWEN MOUN ATRAVÈ FÒRES A FASCINE AK APRANN NOU ANPIL BAGAY. NOU GEN GRATITID KE OU TE PREZANTE AGWOFORRESTRI NAN YON FASON POWETIK AK REJENERATIF.

FINALMAN, NOU ESPERE KE LEKTI SA A PRAL REVEYE NAN OU, LEKTÈ A, YON DEZIR POU REYINTEGRE NAN YON PLANÈT KOTE AGRİKILTI EKSPRIME NAN MENM FÒM AK MODÈL KE LANATI ITILIZE.

NOU SWETE OU YON EKSPERYANS EDIKATIF AK AMIZAN,


JOÃO & CÉSAR

Bora  
Permaculturar





|   |       |    |
|---|-------|----|
| OUVÈTI                                      | ----- | 04 |
| ENDÈKS                                      | ----- | 05 |
| ENTWODIKSYON                                | ----- | 06 |
| DINAMIK LANATI YO                           | ----- | 07 |
| STRATA AK SIKSESYON                         | ----- | 08 |
| SIKSESYON AK JESYON                         | ----- | 09 |
| JADIN SIKSESYON                             | ----- | 10 |
| KABANN KILTIVASYON                          | ----- | 11 |
| REKIPERASYON ZÒN DEGRADE                    | ----- | 12 |
| PLAN POU PLANTE                             | ----- | 13 |
| RANGE AK ENTÈKILT                           | ----- | 14 |
| ZILE ABONDANS                               | ----- | 15 |
| KONSÈY JESYON: BÈSO, KONSÒSYÒM, AK PLASENTA | ----- | 16 |
| KONSÈY JESYON: TEKNIK POU PLANTE            | ----- | 17 |
| KONSÈY JESYON: EDMONDAJ                     | ----- | 18 |
| KONSÈY JESYON: PYE BANNANN                  | ----- | 19 |
| ELVAJ BÈT NAN YON SISTÈM AGWOFORRESTRI      | ----- | 20 |
| KONSEPSYON                                  | ----- | 21 |
| SIJESYON KONSÒSYÒM                          | ----- | 22 |
| EKZÈSIS                                     | ----- | 23 |
| TABLO SIK AK SIKSESYON                      | ----- | 24 |
| MATERYÈL SIPÒ                               | ----- | 25 |
| NON SYANTIFIK                               | ----- | 26 |



PWODUI MANJE NAN FORÈ YO SE YON KONESANS ANSYEN KI TE PRATIKE ANPIL NAN AMERIK YO DEPI LONTAN ANVAN OKIPASYON EWOPYEN YO. PRATIK TRADISYONÈL SA A NAN PWODWI MANJE TOUNEN TÈ A NAN YON ZÒN KONTINYÈL AGRIKILTI-FORÈ. POSIBLITE SA A POU VIV NAN FORÈ A SE YOUN NAN ENSPIRASYON YO NAN AGWOFORRESTRI.






DINAMIK LANATI YO



YON LÒT GWO ENSPIRASYON POU AGWOFORRESTRI SE DINAMIK LANATI YO. FORÈ A VIVAN, PLEN AK DIFERAN ÈT KI AP KOMINIKE YOUN AK LÒT, CHAK GEN PWÒP FONKSYON PA YO.


POU EGZANP, SI YON PATI NAN FORÈ A LOUVRI, ANVIWÒNMAN AN CHANJE...



AK NOUVO ENTÈRAKSYON ANT ÈT VIVAN YO KÒMANSE RIVE.



KÈK ESPÈS DISPARÈT AK LÒT PARÈT DAPRE NOUVO KARAKTERISTIK ANVIWÒNMAN AN.



NAN AGWOFORRESTRI NOU ESEYE REPLIKE AK OPTIMIZE PWOSESIS SA YO...



POU NOU KA PWODWI MANJE AK AMELYORE ANVIWÒNMAN AN





STRATA AK SIKSESYON

NAN FORÈ A PLANT YO OKIPE DIFERAN ESPAS, KI DISTRIBYE NAN DIFERAN WOTÈ, SA YO RELE STRATA YO. LIMYÈ SOLÈY LA FILTRE NAN CHAK KOUCH E SA ENFLIYANSE KALITE PLANT KI GRANDI.

KOUCH EMERJANS  
KOUCH KANAPE  
KOUCH MITAN  
KOUCH BA

LÈ NOU PLANTE YON FORÈ MANJE, NOU SUIV MENM SISTÈM NAN.

LOJIK SA A KA APLIKE TOU NAN DOMÈN KI PI DIVÈS NAN AGRIKILTÌ AK ORTIKOL.

YON LÒT FAKTÈ ENPÒTAN NAN JAN FORÈ A ÒGANIZASE SE TAN. CHAK PLANT GEN YON SIK LAVI AK TO KWASANS DIFERAN, KI TOU ENFLIYANSE PA KARAKTERISTIK SIT LA. NOU RELE SA ÒGANIZASYON TAN NAN SIKSESYON EKOLOJIK.


PLASENTA      PYONYE      SEGONDÈ      KLIMAKS

TAN




SIKSESYON AK JESYON

SE POUTÈT SA, PLAN AGWOFRESTRI LA TA DWE KONSIDERE KOUCH AK SIKSESYON POU KONBINE PLANT YO CHWAZI YO.



LÈ NOU KOUBE PYE BANNANN YO, NOU KITE LIMYÈ SOLÈY LA ANTRE ANKÒ. NAN FASON SA A NOU KA SIPÒTE KILTIVASYON NAN PLANT KI BEZWEN PLIS LIMYÈ.

APRE YON TAN, KILTIVATÈ A KA JERE SIT LA KOTE LI CHWAZI PLANT LI PREFERE YO PA KOUBE EPI METE MATYÈ ÒGANIK SOU TÈ A KÒM PAY AK ANGRÈ. KONSA, ANVIWÒNMAN AN VIN PI RICH EPI LÒT PLANT YO AP KÒMANSE GRANDI.






# JADIN SIKSESYON

POU EGZANP, LÈ NOU KÒMANSE YON JADEN LEGIM, NOU KONBINE PLANT AK SIK DIFERAN (LAVI) AK KOUCH (STRATA) POU PI BON UTILIZASYON ESPAS LA.


30 JOU APRE PLANTE, PLANT YO K AP GRANDI RAPID DEJA OKIPE ESPAS KI PI GWO A EPI PWOTEJE PLANT YO K AP GRANDI PI DOUSMAN.

AFTER THE FIRST HARVEST, THE FORMER SPACE OF THESE PLANTS IS GRADUALLY OCCUPIED BY THOSE WITH SLOWER GROWTH.

1 MWA – PREMYE REKÒT: AROGUL AK RADI



2 MWA – DEZYÈM REKÒT: LETI




AFTER ANOTHER HARVEST, THE SPACE IS FREE AGAIN FOR PLANTS WITH A LONGER LIFE CYCLE, WHICH CONTINUE TO GROW IN THE BEDS.

APRE PREMYE REKÒT LA, ANSYEN ESPAS PLANT SA YO KÒMANSE OKIPE PA PLANT KI K AP GRANDI PI DOUSMAN YO.

4 MWA – 3YÈM REKÒT: CHOU FRIZE AK BEREJENN



13 MWA – 4YÈM REKÒT: JENJANM



NAN FASON SA A NOU PLANTE YON JADIN YON FWA EPI JWENN KAT REKÒLTE APRE YON TAN! YON LÒT KONSÈY SE REPLANTE ESPAS YO NAN DIFERAN MOMAN. POU EGZANP, YON ESPAS CHAK SEMÈN. SA A SE YON FASON POU ASIRE KE SIK DIFERAN RIVE PANDAN MENM PERYÒD LA, KI BAN NOU YON PI GWO VARYETE MANJE.





# KABANN KILTIVASYON

PLANTE NAN LIY FÈ JESYON AK PLANIFIKASYON PI FASIL NAN YON SISTÈM AGWOFORÈSTRI


TANKOU NAN FORÈ A, NOU KOUVRI CHEMEN YO AK KABANN LEGIM YO AK MATYÈ ÒGANIK POU PWOTEJE AK ANRICHÌ TÈ A. MEN KÈK OPSYON MATERYÈL PAYAJ.




1. POU PREPARE KABANN LEGIM YO NOU NETWAYE TÈ A EPI MAKE CHEMEN YO AK KABANN YO.




2. NOU MINERALIZE AK FÈTILIZE SÒL LÈ NOU AJOUTE DIFERAN ELEMAN NAN TÈ A.




3. NOU FÒME YON KABANN KI GEN FÒM NICH (KÒT YO YON TI KRAS PI WO PASE NAN MITAN AN) POU NOU PA PÈDI DLO AK ELEMAN NITRITIF NAN CHEMEN YO.




4. NOU KOUVRI TOUT BAGAY AK MATYÈ ÒGANIK EPI PEYE ATANSYON ESPESYAL SOU KWEN KABANN YO.



5. NOU FÈ ESPAS NAN KOUVÈTI PAY LA KÒTE NOU PRAL PLANTE CHAK PLANTULES AK ÈD YON TI BATON DAPRE GWOUPMAN PLANT OU CHWAZI A.



POU RENOUVÈLMAN KABANN YO, LI NESESÈ SÈLMAN POU FÈTILIZE AK LACHE TÈ A, DE PREFERANS SAN OU PA VIRE L. POU EGZANP, SI OU METE YON FOUCHÈT TÈ NAN TÈ A EPI JIS DEPLASE LI, OU PRAL VANTILE TÈ A SAN OU PA VIRE L.






# REKIPERASYON ZÒN DEGRADE

OU KAPAB ITILIZE AGWOFORRESTRI TOU KÒM YON TEKNIK POU REJENERASYON TÈ NAN ZÒN KI DEGRADE. SE SA KI TE PASE NAN FÈM KOMINOTÈ NOU AN, KOTE NOU TE SÈVI AK "RAJE" POU EDE NOU BATI PLANTASYON AN.


NAN PREMYE ANE A, NOU TE ITILIZE PWÒP RAJE PA NOU POU KONSTWI MATERYÈL ÒGANIK KOTE NOU TE PLANIFYE POU FÈ KABANN KILTIVASYON NOU YO.

1 ANE




AKIMILASYON NAN MATERYÈL ÒGANIK KOTE NOU PRAL PLANTE A KÒMANSE CHANJE KARAKTERISTIK TÈ A AK PÈMÈT NON PLANTE PLANT SIPÒ TANKOU LEGUM AK FLÈ SOLEÛ MEKSIKEN POU NOU SÈVI KÒM ANGRÈ.

1.5 ANE



ABONDANS AK VARYETE MATYÈ ÒGANIK KI TE PWODWI PA PREMYE KABANN YO PRAL PLUS AMELYORE ANVIWÒNMAN AN. KÒM TÈ A VIN PI RICH, ESTRIKTI, KAPASITE DEPO DLO AK DISPONIBLITE ELEMAN NITRITIF YO AMELYORE EPI PÈMÈT YON PI GWO DIVÈSITE.


2 ANE



\* TELECHAJE: [AGROFLORESTANDO O MUNDO DO TRATOR AO FAÇÃO](#)

NAN FASON SA A, ATRAVÈ JESYON PLANIFYE, LI POSIB POU NOU SÈVI AK KARAKTERISTIK PLANT YO AK EKOLOJI SIT LA POU TRANSFÒME YON ZÒN DEGRADE POU L TOUNEN YON FORÈ MANJE.

3 ANE










# PLAN POU PLANTE





SA A SE PLAN POU PLANTE NAN JADEN LEGIM SIKSESYON NOU AN.



-  SISTÈM 25 JOU POU REKÒLTE. EG. AROGUL OSWA RADİ
-  SISTÈM 45-60 JOU POU REKÒLTE. EG. LETİ AK SALAD
-  SISTÈM 90 JOU POU REKÒLTE. EG. CHOU
-  SISTÈM 120 JOU POU REKÒLTE. EG. TOMAT OSWA BEREJENN

ÈPI NOU TE PLANIFYE PLANTASYON NOU AN NAN FASON SA A POU YON SIK CHAK ANE:





-  SISTÈM 3-4 MWA POU REKÒLTE. EG. MAYİ OSWA KALALOU
-  SISTÈM 3 MWA POU REKÒLTE. EG. PWA
-  SISTÈM 9 MWA POU REKÒLTE. EG. MANYÒK
-  SISTÈM 12 MWA POU REKÒLTE. PA EGZANP, JENJANM

AK LIY PLANT SIPÒ YO, PYE BANNANN AK PYE FWI YO TE DEJA KONSA:



-  EKALİPTIS
-  BANNANN
-  PYE FWI
-  MANYÒK
-  MAYİ







1 MWA

4 MWA

10 MWA

YON LÒT BON FASON POU RETABLI YON ZÒN KI DEGRADE SE LÈ W SÈVI AK FÒM SIKSESYON KI PA ALIYEN PA KREYE YON JADEN SIKSESYON KÒM YON SÈK.

KÒM PLANT YO GRANDI, NOUVO NICH YO KREYE AK ABONDANS KÒM YON REZILTA.

ÈPI PARALÈL AK PWODIKSYON MANJE, PYE FWI AK PYE KI PLANTE POU BWA GRANDI NAN SANT CHAK KABANN.

LETI AK ÈPINA

BANNANN

MANYÒK

ANANA

FIMYE VÈT II (PWA, ELATRIYE...)

REYON: 2 M

FIMYE VÈT I (PWA, PAPAY, GLIRICIDIA)

GRENN PYE BWA (MELANJE)

SALAD AK LEGIM



KONSÈY JESYON: BÈSO, KONSÒSYÒM, AK PLASENTA

SI NOU ENVESTI TAN AK ENÈJI NAN KÒMANSMAN PLANTE A LÈ NOU KREYE BON BÈSO (TWOU POU PLANTE), JENN PLANT YO PRAL SÈVI AK ENÈJI YO POU YO GRANDI AK PLIS KOURAY. LI ENPÒTAN POU TWOU BÈSO A PI GWO PASE BOUL RASIN LAN EPI LI BYEN NOURI AK DLO, MINERAL AK KONPÒS.

PYE BWA, KI RENMEN PLUS DLO, TANKOU MANGO, GEN YON BÈSO KI GEN FÒM NICH EPI PYE BWA KI RENMEN MWENS DLO, TANKOU SITRON YO, GEN YON FÒM TANKOU KOKI TÒTI.

SI OU KOUBE FÈY YO A MWATYE EPI JETE RÈS LA, OU PRAL DIMINYE PÈT DLO NAN PLANT LA NAN KÒMANSMAN AN.

POU PLANTE, NOU UTILIZE METÒD PLASENTA A, KOTE GRENN PLANT POU FIMYE VÈT AK PLANT MANYÒK GRANDI ANSANM. SA A PWOTEJE NOUVO PLANT AK GRENN PYE BWA YO. SE POUTÈT SA, PLANT KI SOTI NAN SIK AK KOUCH DIFERAN DWE PLANTE ANSANM POU OU KA JERE NAN PWOCHEN ETAP SISTÈM AGWOFRESTRI OU.

3 ANE

PLANTASYON

GRENN PYE BWA

10 ANE


NAN FASON SA A, YON PYE BWA PYONYE KI PREFERE SOLÈY LA DIRÈK DEPI YON LAJ BYEN BONÈ AP GRANDI EPI CHANJE ANVIWÒNMAN AN POU YON PYE BWA SEGONDÈ KI PREFERE YON TI KRAS PLUS LONBRAJ AP DEVLOPE PI BYEN. ANTRETAN, SE TRAVAY NOU POU NOU OBSÈVE, PRAN SWEN EPI FÈ EDMONDAJ SI SA NESESÈ.




KONSÈY JESYON: TEKNIK POU PLANTE

POU PLANTE MANYÒK LA, NOU KOUPE BRANCH YO, POZISYONE YO AK BOUJON YO ANLÈ EPI FÈ KÈK MAK NAN PATI KI PI BA A POU FASILITE FÒMASYON RASIN.


NOU PLANTE BRANCH YO POU RASIN YO FÈ FAS A DEYÒ KABANN LAN NAN YON ANG 45 DEGRE.



RASIN TANKOU YAM, SAFRAN AK JENJANM YO PLANTE AK JE (LANS) YO FÈ FAS A ANBA.



POU TOMAT, NOU UTILIZE POTO BANBOU OSWA TIRE FISÈL EPI TAYE NOUVO BRANCH YO POU TOUT ENÈJI PLANT LA DEDYE POU FWI SOU BRANCH PRENSIPAL LA.



POU PLANTE GRENN YO DIRÈKTEMAN, TANKOU RADI AK KAWÒT, NOU RETIRE KOUCH PAY LA NAN RANJE KOTE NOU DISTRIYE GRENN YO




POU LÒT REKÒT SAN LABOURAJ, TANKOU MAYI AK PWA, NOU SÈVI AK MANCHÈT NOU POU LOUVRI PAY AK TÈ A POU SIMEN GRENN. KENBE DO MANCHÈT LA SOU BÒ MEN W PANDAN W AP PLANTE GRENN YO!






ANPLIS DE PLANTE, EDMONDAJ SE YON PATI ESANSYÈL NAN JERE YON SISTÈM AGWOFORÈSTRI. NAN FASON SA A NOU PWODWI MATYÈ ÒGANIK, ANKOURAJE LIMYÈ ANTRE OSWA ELIMINE YON BAGAY NAN SISTÈM NAN.

LÈ W AP FÈ EDMONDAJ PYE BWA, LI ENPÒTAN POU KONSÈVE ESTRIKTI NATIRÈL LI (ACHITEKTI).



POU PIFÒ PYE FWI, NOU LOUVRI KANAPE A POU PLUS LIMYÈ EPI KENBE BRANCH ORIZONTAL YO POU ANKOURAJE PWODIKSYON FWI.




POU CHAK REZON NOU FÈ YON FÒM EDMONDAJ DIFERAN. TANKOU LÈ W AP ITILIZE EKALIPTIS KÒM YON PLANT EMERGEN, NAN PREMYE ANE YO KWASANS VÈTIKAL ANKOURAJE PA KOUPE BRANCH KI PI BA YO ("JIP LA") EPI KENBE BRANCH KI ANWO YO.

LÈ LI RIVE NAN WOTÈ OU VLE A (8M), TAYE PATI ANWO A POU BLOKE KWASANS VÈTIKAL LI AK ANKOURAJE "EPESÈ" LI.

2 ANE  
TAYE BRANCH LATERAL YO

4 ANE  
6 ANE  
8 ANE  
TAYE TÈT BRANCH YO  
8 MÈT  
REJENERASYON






ELVAJ BÈT NAN YON SISTÈM AGWOFORESTRI

AGWOFORESTRI SE YON BON KOTE TOU POU ELVE BÈT. PA EGZANP, SI NOU METE YON POULAYE AK PIKÈT PÈMANAN NAN MITAN SISTÈM AGWOFORESTRI A, PYE BWA AK ZÒN GAZON YO PRAL BAY BÈT YO YON ANVIWONMAN DIVÈS, NOURISAN AK AN SANTE.

POULAYE A SITIYE NAN MITAN AN AK YON KLOTI. BÈT YO RETE SÈLMAN KÈK JOU SOU CHAK PATI TEREN A ANVAN NOU AVANSE YO SOU YON LÒT PATI. PANDAN SE TAN, TRETMAN PLANT YO TOUJOU MENM JAN AK LÒT PATI NAN SISTÈM AGWOFORESTRI A. NAN FASON SA A, OLYE POU POUL YO DOMAJE SIT LA POUL YO PRAL EDE AMELYORE ESPAS LA.

ESTRATEJI POU BÈT YO KA EDE AMELYORE ANVIWÒNMAN AN SE POU W PA KENBE YO KOLE NAN YON SÈL KOTE!

YON LÒT FASON POU DEPLASE BÈT YO NAN YON SISTÈM AGWOFORESTRI SE SÈVI AK KLOTI ELEKTRIK MOBIL ANT RANJE YO. NAN FASON SA A, BÈT YO MANJE ENTANSIF NAN YON SÈL KOTE AN PATIKILYE KI CHANJE CHAK JOU, FÒSE YON ESTRÈS ANVIWÒNMAN ENTANS, KI TE SWIV PA REPO AK YON KWASANS EKSTRÈM.



\* TELECHAJE: [AGROFLORESTANDO O MUNDO DO TRATOR AO FAÇÃO](#)



# KONSEPSYON

LÈ W AP PLANIFYE YON SISTÈM AGWOFORÈSTRI, LI ENPÒTAN POU TRASE DESEN OU A. NAN LI NOU DEFINI CHAK ESPÈS PLANT NAN ESPAS LA. SONJE KE RANJE PYEBWA YO PRAL KONPOZE DE ESPÈS ANGRÈ AK FWI KI SOTI NAN DIFERAN KOUCH AK SIKSESYON (GADE TABLO KI NAN PAJ 24 POU PLIZYÈ EGZANP).



**FWI**  
EG. MANGO



**FIMYE VÈT**  
EG. BANNANN



**BWA**  
EG. EKALIPTIS




**PLASENTA**  
EG. MANYÒK




SIJESYON KONSÒSYÒM



YON EGZANP NAN KONSÒSYÒM (GWOUPEMAN) KI PI BA A NOU GEN 3 SIK NAN YON SÈL KABANN KILTIVASYON. NAN SIK 90 JOU A, NOU GEN MAYI NAN STRATA EMERJAN A SOU CHAK MÈT AK BÈTRAV NAN STRATA MWAYEN A SOU CHAK 25 CM. ANSANM AK YO NOU ENKLI YON SIK 60 JOU NAN BWOKLOI (STRATA WO) AK PWA K AP GRENPE POU MONTE MAYI A KI EMERJAN. ÈPI TOU, YON SIK RAPID 25 JOU AK RADI.





NAN LÒT KONSÒSYÒM SA A NOU GEN KALALOU (STRATA EMERGENT - 120 JOU), TOMAT (STRATA WO - 120 JOU), PATAT (STRATA BA - 100 JOU), LETI AK LÒT FÈY SALAD (STRATA MWAYEN - 45 JOU) AK FIZE (STRATA MWAYEN - 25 JOU).






BANNANN LAN SE YON PLANT KI TRÈ BON POU PWODWI MATYÈ ÒGANIK, FASIL POU REPWODUI EPI TOUJOU AP REJENERE. POU GEN YON BON PWODIKSYON FWI, PLANT YO TOUJOU KENBE NAN DIFERAN ETAP NAN DEVLOPMAN: "GRANN, MANMAN AK PITIT FI"



POU PLANTE YON NOUVO PLANT, NOU RETIRE PLANTULES A EPI PREPARE "ANPOUL" YO, KI TA DWE APEPRÈ 1 KG. NOU NETWAYE L PA KOUPE RASIN YO EPI KOUPE L A 45 DEGRE ANT BAZ AK TIJ LI.



SI PLANT BANNANN LA MALAD, NOU METE "ANPOUL" LI NAN YON BOKIT DLO POU 24 ÈDTAN ANVAN NOU PLANTE LI, EPI NAN DE DÈNYE ÈDTAN YO, NOU METE KÈK GWO KIYÈ KLÒ OSWA KLOWÒKS NAN DLO A.




NOU FOUYE YON BÈSO EPI PLANTE "ANPOUL" PYE BANNANN LAN SOU KÒTE, AK PATI KE NOU KOUPE SÒTI NAN PLANT MANMAN AN FÈ FAS A ANLÈ. PWOSEDI SA A ASIRE KE NOUVO PLANT A AN SANTE EPI LI PWODUI YON BON REJIM DEJA NAN PREMYE SEZON A.



APRE REKÒT BANNANN NOU KOUPE PYE BANNANN LAN. PATI KI RETE A TA DWE KOUPE NAN FÒM YON BÒL, POU ANPECHE PLIS KONTAMINASYON AK MALADI.







TABLO SIK AK SIKSESYON

| STRATA   | ESPAS OKIPE | SIK AK SIKSESYON |                    |             |             |                  | [PYE BWA ALONTÈM]  |                        |
|----------|-------------|------------------|--------------------|-------------|-------------|------------------|--------------------|------------------------|
|          |             | 45 Jou           | 60 Jou             | 90 Jou      | 6 MWA       | 3 ANE            | BIYOMAS / BWA      | Fwi / NWA              |
| EMERGENT | 20%         | CHANV            | FLÈ SOLÈY          | MAYI        | KALALOU     | MASKRITI         | EKALIPTIS          | PYE PEM                |
|          |             |                  |                    | WOWOLI      |             | PAPAY            | KAJOU              | KOKOYE                 |
|          |             |                  |                    | EPINA       |             |                  | ROBLE              | PALMIS                 |
|          |             |                  |                    |             |             |                  | JAPAN GRAPE        |                        |
| KANAPE   | 40%         |                  | CHOUFLÈ            | TOMATO      | COWITCH     | MANYÒK           | SIKREN             | DJAKA                  |
|          |             |                  | BWOKOLI            | PWA         | BEREJÈN     | YACON            | LILA MEKSIKEN      | MANGO                  |
|          |             |                  | PEARL MILLET       | POWO        | BAZILIK     | PWA KONGO        | BANNANN            | BANNANN                |
|          |             |                  | PITIMI             | CHOU        | PIMANT PIKE | BAZILIK          | PRIN PÒTIGÈS       | JAMBO                  |
|          |             |                  | COW PEA            | BLE         |             |                  | SIKREN             | SIKREN                 |
|          |             |                  | CLIMBER PEA        | PIMANT DOUS |             |                  | SOMBREIRO          | GUAVA                  |
|          |             |                  |                    | WOSÈL       |             |                  | FLÈ SOLÈY MEKSIKEN | KAKIFRUIT              |
|          |             |                  |                    | GILO        |             |                  | TIGERWOOD          | CHERRIES OF RIO GRANDE |
| MWAYEN   | 60%         | RADISH           | LETTUCE            | POTATO      | ZONYON      | PIMENT PIKE      | BANNANN            | EGG PLANT TREE         |
|          |             | ROCKET           | DIRI 3 MWA         | LETI KANADA | PIMENT      | ARRACACHA        | BLANTAINE          | MULBERRY               |
|          |             | LETI             | CHICORY            | FLAX        | RICE        | LAY              |                    | BANNANN                |
|          |             | LETI VYÈLÈT      | ALMEIRAO           | LEEK        | BROAD BEANS | LOBSTER CLAW     |                    | CAMBUCCI               |
|          |             | CORIANDER        | CHARD              | KAWÒT       | JÒMOU       | GREATER BURDOCK  |                    | GRUMICHAMA             |
|          |             |                  | NAVÈ               | BÈTRAV      |             |                  |                    | SERIZ BREZIL           |
|          |             |                  |                    | WILD CELERY |             |                  |                    | UVAIA                  |
|          |             |                  |                    | ZUCCHINI    |             |                  |                    | MANDARIN               |
| PI BA    | 80%         |                  | BLACK TURTLE BEANS | JACK BEAN   | PISTACH     | JENJANM          |                    | KAFE                   |
|          |             |                  | KRESON             | MELON       | PÈSI        | NIRA AND YAM     |                    | LEMON                  |
|          |             |                  | PINTO BEANS        | PATAT       | MINT        | OREGANO          |                    | PINEAPPLE              |
|          |             |                  | KONKONM            | MELON       |             | PENNYROYAL       |                    | TAHTI LEMON            |
|          |             |                  | GHERKIN            | EPINA       |             | ARROWROOT        |                    | LIME                   |
|          |             |                  | PWA FRANS          | SOYA        |             | MARJORAM         |                    | JABUTICABA SABARA      |
|          |             |                  |                    | AZUKI BEAN  |             | BUTTERFLY GINGER |                    | COCOA                  |
|          |             |                  |                    |             |             | ARROWLEAF        |                    | QUINCE                 |



AGROFLORESTA: APRENDENDO A PRODUIZIR COM A NATUREZA /  
STEENBOCK W., VEZZANI F.M. - CURITIBA, 2013.

AGROFLORESTANDO O MUNDO DE FACÃO A TRATOR /  
NETO, N. E. C. ... ET AL. PALMEIRA, 2016.

DA HORTA À FLORESTA - FROM GARDEN TO FOREST /  
AGENDA GOTSCH (VÍDEO).

RESTAURAÇÃO ECOLÓGICA COM SISTEMAS AGROFLORESTAIS:  
COMO CONCILIAR CONSERVAÇÃO COM PRODUÇÃO. OPÇÕES PARA  
CERRADO E CAATINGA / MICCOLIS A. ... ET AL. BRASÍLIA, 2016.

SISTEMAS AGROFLORESTAIS: USO DA SUCESSÃO E DA ESTRATIFICAÇÃO  
EM CONSÓRCIOS ENTRE LAVOURAS E HORTALIÇAS /  
FLYER COOPERAFLORISTA.

MANYÈL "YON GID ILLUSTRATED TO AGROFORESTRY" TE KREYE POU  
FASILITE ENTWODIKSYON AGROFORESTRY SIKSESYON STRATIFYE.  
ÈGZANP KI PREZANTE ISIT LA SE JIS YOUN NAN ANPIL POSIBLITE POU  
BYOM YO NAN FORÈ ATLANTIK LA. CHAK SISTÈM INIK. POU CHAK KOTE  
GEN YON ISTWA AK YON KONTÈKS KI DWE KONPRANN AK JE AK ZÒRÈY  
GRAN LOUVRI TOU DE NAN DIREKSYON POU MOUN AK NAN DIREKSYON  
POU LANATI.

Bora  
Permaculturar 





# NOM SIYENTIFIK

|  |   |   |  |   |
|--|---|---|--|---|
| <b>Abiu</b><br><i>Pouteria caimito</i>                                   | <b>Chouflè</b><br><i>Brassica oleracea convar</i>               | <b>Gwayav</b><br><i>Psidium guajava</i>                   | <b>Papay</b><br><i>Carica papaya</i>                                     | <b>Pitimi</b><br><i>Sorghum bicolor</i>                         |
| <b>African mahogany</b><br><i>Khaya ivorensis</i>                        | <b>Chard</b><br><i>Beta vulgaris var. cicla</i>                 | <b>Heliconia</b><br><i>Heliconia rostrata</i>             | <b>Pèsi</b><br><i>Petroselinum crispum</i>                               | <b>Soya</b><br><i>Glycine max</i>                               |
| <b>Zepina</b><br><i>Amaranthus spp.</i>                                  | <b>Cherries of the Rio Grande</b><br><i>Eugenia involucrata</i> | <b>Ice cream bean</b><br><i>Inga edulis</i>               | <b>Pèch</b><br><i>Prunus persica</i>                                     | <b>Spinach</b><br><i>Spinacia oleracea</i>                      |
| <b>Arrowleaf</b><br><i>Xanthosoma sagittifolium</i>                      | <b>Powo</b><br><i>Allium schoenoprasum</i>                      | <b>Jack bean</b><br><i>Canavalia ensiformis</i>           | <b>Pistach</b><br><i>Arachis hypogaea</i>                                | <b>Sugarloaf</b><br><i>Cichorium intybus</i>                    |
| <b>Arugula, Rocket</b><br><i>Eruca sativa</i>                            | <b>Kakao</b><br><i>Theobroma cacao</i>                          | <b>Djaka</b><br><i>Artocarpus heterophyllus</i>           | <b>Pearl millet</b><br><i>Pennisetum glaucum</i>                         | <b>Flè Solèy</b><br><i>Helianthus annuus</i>                    |
| <b>Azuki bean</b><br><i>Vigna angularis</i>                              | <b>Kafe</b><br><i>Coffea sp.</i>                                | <b>Japanese raisin tree</b><br><i>Hovenia dulcis</i>      | <b>Peas</b><br><i>Pisum sativum</i>                                      | <b>Sunn hemp</b><br><i>Crotalaria juncea</i>                    |
| <b>Baru nut</b><br><i>Dipteryx alata</i>                                 | <b>Pwa Kongo</b><br><i>Cajanus cajan</i>                        | <b>Java plum</b><br><i>Syzygium cumini</i>                | <b>Pecan nut</b><br><i>Carya illinoensis</i>                             | <b>Sweet basil</b><br><i>Ocimum basilicum</i>                   |
| <b>Bètrav</b><br><i>Beta vulgaris</i>                                    | <b>Coriander</b><br><i>Coriandrum sativum</i>                   | <b>Jucara palm</b><br><i>Euterpe edulis</i>               | <b>Pennyroyal</b><br><i>Mentha pulegium</i>                              | <b>Patàt</b><br><i>Ipomoea batatas</i>                          |
| <b>Piment Dous</b><br><i>Capsicum annum</i>                              | <b>Mayi</b><br><i>Zea mays</i>                                  | <b>Kakifruit</b><br><i>Diospyros kaki</i>                 | <b>Piment</b><br><i>Capsicum baccatum</i>                                | <b>Piment Tabasco</b><br><i>Capsicum frutescens 'Malagueta'</i> |
| <b>Black turtle bean</b><br><i>Phaseolus vulgaris L. 'Black Turtle'</i>  | <b>Pwa bèf</b><br><i>Vigna unguiculata</i>                      | <b>Chou</b><br><i>Brassica oleracea</i>                   | <b>Pepper 'Bishop's crown'</b><br><i>Capsicum baccatum var. pendulum</i> | <b>Tahiti lime</b><br><i>Citrus × latifolia (?)</i>             |
| <b>Brazil cherry (Grumichama)</b><br><i>Eugenia brasiliensis</i>         | <b>Cowich bean</b><br><i>Mucuna pruriens</i>                    | <b>Leek</b><br><i>Allium ampeloprasum</i>                 | <b>Peruvian carrot</b><br><i>Arracacia xanthorrhiza</i>                  | <b>Tigerwood</b><br><i>Astronium fraxinifolium</i>              |
| <b>Brazil cherry (Pitanga)</b><br><i>Eugenia uniflora</i>                | <b>Konkonm</b><br><i>Cucumis sativus</i>                        | <b>Lemon</b><br><i>Citrus limon</i>                       | <b>Anana</b><br><i>Ananas comosus</i>                                    | <b>Tomat</b><br><i>Solanum lycopersicum</i>                     |
| <b>Brazilian grapetree</b><br><i>Plinia peruviana</i>                    | <b>Curled lettuce</b><br><i>Lactuca sativa var. crispa</i>      | <b>Lemon basil</b><br><i>Ocimum × africanum</i>           | <b>Pinto bean</b><br><i>Phaseolus vulgaris L. Pinto group</i>            | <b>Safran</b><br><i>Curcuma longa</i>                           |
| <b>Brazilian orchid tree</b><br><i>Bauhinia forficata</i>                | <b>Berejèn</b><br><i>Solanum melongena</i>                      | <b>Leti</b><br><i>Lactuca spp.</i>                        | <b>Bannann</b><br><i>Musa × paradisiaca</i>                              | <b>Navè</b><br><i>Brassica rapa subsp. rapa</i>                 |
| <b>Brazilian pine</b><br><i>Araucaria angustifolia</i>                   | <b>Ekaliptis</b><br><i>Eucalyptus globulus</i>                  | <b>Sitwon</b><br><i>Citrus aurantiifolia</i>              | <b>Pòmdechè</b><br><i>Solanum tuberosum</i>                              | <b>Uvaia</b><br><i>Eugenia pyriformis</i>                       |
| <b>Broad bean</b><br><i>Vicia faba</i>                                   | <b>Flax</b><br><i>Linum usitatissimum</i>                       | <b>Mandarin</b><br><i>Citrus reticulata Blanco</i>        | <b>Jòmou</b><br><i>Cucurbita spp.</i>                                    | <b>Kreson</b><br><i>Nasturtium officinale</i>                   |
| <b>Bwokoli</b><br><i>Brassica oleracea convar. botrytis var. italica</i> | <b>Lay</b><br><i>Allium sativum</i>                             | <b>Mango</b><br><i>Mangifera indica</i>                   | <b>Pupunha palm tree</b><br><i>Bactris gasipaes</i>                      | <b>Melon</b><br><i>Citrullus lanatus</i>                        |
| <b>Butterfly ginger</b><br><i>Hedychium coronarium</i>                   | <b>Garlic chives</b><br><i>Allium tuberosum</i>                 | <b>Marjoram</b><br><i>Origanum majorana</i>               | <b>Quince</b><br><i>Cydonia oblonga</i>                                  | <b>Wheat</b><br><i>Triticum</i>                                 |
| <b>Chou Leti</b><br><i>Lactuca sativa var. capitata</i>                  | <b>Gherkin</b><br><i>Cucumis anguria</i>                        | <b>Melon</b><br><i>Cucumis melo</i>                       | <b>Radi</b><br><i>Raphanus raphanistrum subsp. sativus</i>               | <b>Seleri Mawon</b><br><i>Apium graveolens</i>                  |
| <b>Chou Frise</b><br><i>Brassica oleracea convar. capitata</i>           | <b>Gilo</b><br><i>Solanum aethiopicum var. Gilo</i>             | <b>Flè Solèt Meksiken</b><br><i>Tithonia diversifolia</i> | <b>Diri 3 Mwa</b><br><i>Oryza sativa</i>                                 | <b>Wild chicory</b><br><i>Cichorium intybus L.</i>              |
| <b>Cambuci</b><br><i>Campomanesia phaea</i>                              | <b>Jenjanm</b><br><i>Zingiber officinale Roscoe</i>             | <b>Mant</b><br><i>Mentha spp.</i>                         | <b>Roble</b><br><i>Tabebuia spp.</i>                                     | <b>Yacón</b><br><i>Smallanthus sonchifolius</i>                 |
| <b>Leti Kanada</b><br><i>Lactuca canadensis</i>                          | <b>Gliricidia</b><br><i>Gliricidia sepium</i>                   | <b>Mulberry</b><br><i>Morus sp.</i>                       | <b>Pòm Wòz</b><br><i>Syzygium jambos</i>                                 | <b>Yam</b><br><i>Dioscorea spp.</i>                             |
| <b>Kawòt</b><br><i>Daucus carota subsp. sativus</i>                      | <b>Greater Burdock</b><br><i>Arctium lappa</i>                  | <b>Kalalou</b><br><i>Abelmoschus esculentus</i>           | <b>Wosèl</b><br><i>Hibiscus sabdariffa</i>                               | <b>Zucchini</b><br><i>Cucurbita pepo var. cylindrica</i>        |
| <b>Manyòk</b><br><i>Manihot esculenta</i>                                | <b>Green bean (bush bean)</b><br><i>Phaseolus vulgaris</i>      | <b>Zonyon</b><br><i>Allium cepa</i>                       | <b>Wowoli</b><br><i>Sesamum indicum</i>                                  | <b>Mèsi pou aktyalizasyon Hans!</b>                             |
| <b>Maskriti</b><br><i>Ricinus communis</i>                               | <b>Green bean (climber)</b><br><i>Phaseolus vulgaris L.</i>     | <b>Oregano</b><br><i>Origanum vulgare</i>                 | <b>Sombreiro</b><br><i>Clitoria fairchildiana</i>                        | <b>Ann plante kèk pye bwa!</b>                                  |







GID SA A ALE PI LWEN PASE YON KOLEKSYON PRATIK AK PRENSIP; SE YON OPÒTINITE POU ANTRE NAN YON VWAYAJ TRANSFÒMASYON POU PAYSAGES OU AK LAVI OU.

OU MENM, PÈP AYITI A, OU GENYEN POTANSYÈL INIK POU PWOÏTE POUVWA AGWOFORRESTRI POU REFÒME KOMINOTE YO, RANFÒSE EKONOMI AN, AK PWOTEJE ANVIWÒNMAN KI SOUTNI OU. LÈ W ANBRASE BON KONPRANN AK PRATIK AGROFORESTRY, OU ASIME RESPONSABLITE POU NOURI TÈ A POU JENERASYON KAP VINI YO.

MWEN APRESYE JOÃO DÈSKE L PÈMÈT MWEN KONTRIBYE NAN PWOJÈ ENSPIRASYON SA A, POU M JWE YON TI WÒL NAN EDIKASYON KI RANFÒSE POUVWA AYISYEN PANDAN N AP VIN PI BON GADYEN PEYI NOU.

SONJE BYEN, OU PA POUKONT OU NAN CHEMEN SA A. INI PA LANMOU AK RESPÈ POU PEYI NOU, NOU FÒME YON KOMINOTE SOLID. ANSANM, N AP TRAVAY POU YON AVNI KI PI BRIYAN POU TOUT MOUN, EPI KI DIRAB POU NASYON NOU AK MOND LAN.

SIDNEY-MAX ETIENNE  
FONDATÈ, GROWN IN HAITI

PARTNERS



ORGANIZATION

Bora  
Permaculturar

